

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas VIII C di SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung Taun Ajar 2017/2018, anu jumlah siswana aya 23 urang, ngawengku 14 urang awéwé jeung 9 urang lalaki.

3.2 Desain Panalungtikan

Desain nu dijadikeun dasar dina ieu panalungtikan nyaéta Penelitian Tindakan Kelas (PTK). Nurutkeun Arikunto (2009, kc. 3) Penelitian Tindakan Kelas mangrupa salasahiji kagiatan nalungtik diajar-ngajar nu mangrupa tindakan, lumangsungna ieu kagiatan ngahaja dilaksanakeun dijero kelas sacara babarengan antara guru, obsérver jeung siswa.


Nurutkeun modél PTK Kurt Lewin nu dimekarkeun ku Arikunto, aya opat komponén dina konsép poko PTK nya éta rarancang, prak-prakan, obsérvasi jeung réfléksi. Nurutkeun Syamsudin jeung Vismaia (2009, kc. 228) PTK nya éta wangun panalungtikan anu dilakukeun teu ku sorangan tapi babarengan jeung batur sakelompok nu miboga kahayang nalungtik ngeunaan hiji pasualan.

Sedengkeun nurutkeun Wiriaatmadja (2006, kc. 12) nétélakeun yén PTK nya éta kumaha sakelompok guru bisa ngorganisir kondisi prakték pangajaran, jeung diajar tina pangalaman nu geus kaalaman.

Nurutkeun Sanjaya (2009, kc. 33) tujuan PTK nya éta ngaronjatkeun kualitas proses jeung hasil diajar. Anapon pasualan nu ditalungtik dina PTK nya éta pasualan nu sipatna praktis. Ku kituna, guru mangrupa subjék tina proses alur PTK.

Cindekna, PTK atawa *Classroom Action Research* nya éta panalungtikan tindakan dina widang atikan nu dilaksanakeun di jero kelas sacara babarengan ogé silih rojong jeung batur sakelompok nu miboga tarékah nalungtik ngeunaan pasualan kalawan miboga tujuan menerkeun jeung ngaronjatkeun kualitas pangajaran diajar-ngajar.

Nurutkeun Kemmis & *Mc Taggart* (Arikunto, 2009, kc. 3) kagiatan PTK ngawengku 4 komponén, nyaéta (1) perencanaan (*planning*); (2) prak-prakan (*action*); (3) obsérvasi (*observing*) jeung (4) réfléksi (*reflection*). Tapi komponén *acting* (prak-prakan) jeung *observing* (obsérvasi) bisa di hijikeun. Sabab, lumangsungna ieu kagiatan kudu aya dina hiji waktu. (dina Lukman, 2017, kc. 13), Nalika tindakan dilaksanakeun, obsérvasi ogé kudu dilaksanakeun. Ieu hal bisa digambarkeun dina bagan di handap.



Bagan 3.1
Desain Panalungtikan PTK

Dina ieu panalungtikan dimimitian ku tahap perencanaan (*planning*), prak-prakan (*action*), obsérvasi (*observing*) jeung réfléksi (*reflection*). Anapon léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan baris dipedar saperti ieu di handap.

1) Tahap nyusun rarancang (*planning*)

Rarancang pangajaran siklus I jeung siklus II ngalakukeun kagiatan:

- a) nyusun RPP pangajaran maca warta kalawan ngagunakeun modél *Explicit Instruction*;
- b) nataharkeun sumber diajar, modél pangajaran jeung alat peraga saperti *infocus* jeung *speaker*; jeung
- c) nyusun instrumén panalungtikan ku cara nyieun lambaran obsérvasi, diantarana lambaran obsérvasi kana aktivitas guru, siswa jeung format-format peniléyan.

2) Tahap prak-prakan (*action*)

Prak-prakan siklus kahiji dilaksanakeun poé Kamis tanggal 22 Maret 2018, siklus kadua dilaksanakeun poé Kamis 29 Maret 2018. Dina ieu kagiatan, guru ngalaksanakeun proses kagiatan kalawan ngagunakeun modél pangajaran *Explicit Instruction*.

Léngkah-léngkah anu baris dilaksanakeun ku guru dina kagiatan pangajaran ngagunakeun ieu modél téh nya éta:

a) Bubuka

Kagiatan pangajaran dimimitian ku guru ngondisikeun siswa tuluy, guru méré pananya anu patalina jeung matéri nu baris ditepikeun. Sanggeus kitu, guru ngamotivasi siswa sangkan sumanget diajar sarta guru ngajelaskeun tujuan pangajaran jeung léngkah-léngkah dina pangajaran maca warta

b) Kagiatan inti

- (1) guru nepikeun matéri pangajaran maca warta;
- (2) guru medar aspék-aspék nu dititénan dina maca warta;
- (3) siswa nyangkem kana matéri warta;
- (4) siswa bisa ngajawab patalékan patalina jeung matéri nu geus dijelaskeun;
- (5) guru mintonkeun *video* warta “Tangara Pasundan” Bandung TV;

- (6) siswa prakték sacara individu kalayan niténan aspék-aspék maca warta;
- (7) guru ngaping siswa nalika maca warta;
- (8) guru ngecék pamahaman dina matéri warta sarta méré réspon balik ka siswa;
- (9) guru méré koméntar jeung koréksi kana kasalahan dina maca warta;
- (10) guru negeskeun deui matéri maca warta anu geus ditepikeun; sarta
- (11) guru méré kasempetan ka siswa pikeun nanya.

c) Kegiatan ahir

- (1) Ngondisikeun siswa;
- (2) Guru jeung siswa ngaévaluasi hasil pangajaran; jeung
- (3) Guru méré tugas (PR)

3) Tahap obsérvasi (*observing*)

Dina ieu kagiatan anu baris dilakukeun ku panalungtik nya éta niténan proses pangajaran. Salila proses pangajaran lumangsung, panalungtik niténan sarta ngarékam kana hal-hal nu kapanggih salila lumangsungna proses pangajaran. Dina tahap niténan, panulis dibarengan ku Leni Anggraeni, mahasiswi Pendidikan Bahasa Sunda UPI salaku obsérver. Anjeunna niténan sarta ngagunakeun lambaran obsérvasi anu geus disadiakeun dina lumangsungna kagiatan diajar.

4) Tahap réfléksi (*reflection*)

Panalungtik jeung obsérver babarengan ngalakukeun analisis jeung refleksi kana tindakan pangajaran. Dina ieu tahap dilakukeun kagiatan niténan prakték gawé siswa, data hasil niténan kagiatan diajar-ngajar, niténan kana kagiatan siswa salila lumangsungna kagiatan diajar, jeung neuleuman rarancang pangajaran. Hasil analisis jeung réfléksi tindakan panalungtikan dijadikeun dasar rékoméndasi hasil siklus II.

Léngkah satuluyna nganalisis hasil diajar maca warta di SMP ngaliwatan ngajén hasil maca siswa dumasar aspék irama/témpo, artikulasi jeung lentong kalimah.

3.3 Setting Panalungtikan

Setting panalungtikan ngawengku lokasi panalungtikan, subjek panalungtikan, jeung waktu ngalaksanakeun panalungtikan

3.3.1 Lokasi/Tempat Panalungtikan

Ieu panalungtikan dilaksanakeun di SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung, Jalan Senjayaguru (di jero kampus UPI Bandung) No. 229.

3.3.2 Subjék Panalungtikan

Subjék panalungtikan nya éta sakabéh siswa kelas VIII C SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung kalayan jumlah 22 urang, nu ngawengku 8 urang siswa lalaki jeung 14 urang siswa awéwé. Ieu panalungtikan lumangsung dina semester genap taun ajaran 2017/2018.

3.3.3 Waktu Panalungtikan

Ieu panalungtikan dilaksanakeun ti bulan Maret 2018, anu diwincik saperti dina tabél ieu dihandap.

Tabél 3.1
Waktu Panalungtikan

No.	Kegiatan	Waktu
1.	Pra-Siklus	15 Maret 2018
2.	Siklus I	22 Maret 2018
3.	Siklus II	29 Maret 2018

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu baris dilaksanakeun dina ieu panalungtikan ngawengku téhnik obsérvasi jeung téhnik tés.

1) Téhnik obsérvasi

Nurutkeun Daryanto (2012, kc. 15) nu jadi obyek obsérvasi nya éta kajadian-kajadian anu lumangsung sacara alami. Dina ieu panalungtikan, teknik obsérvasi dilakukeun sangkan meunangkeun data pikeun ngarajong larapna model pangajaran *Explicit Instruction* dina pangajaran Maca Warta. Format obsérvasi nu dipaké ngawengku lembar obsérvasi aktivitas guru jeung lembar obsérvasi aktivitas siswa.

2) Téhnik tés

Tés mangrupa sarana pikeun ngukur kamampuh siswa. Tés anu dilakukeun dina ieu panalungtikan ngaliwatan tés praktek. Tés praktek diayakeun dina unggal siklus pangajaran pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina maca warta kalawan make instrumén penilaian anu geus ditangtukeun. Hasil tés dijadikeun indikator kamampuh siswa dina pangajaran maca warta.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén nya eta pakakas anu dipake pikeun ngumpulkeun data. Aya sababaraha instrumén panalungtikan anu bisa dipaké diantarana: 1) lembar obsérvasi aktivitas guru; 2) lembar obsérvasi aktivitas siswa; jeung 3) lembar penilaian tés prakték.

3.5.1 Padoman Obsérvasi

Padoman obsérvasi nya éta salasihiji instrumén anu digunakeun pikeun meunangkeun data dina panalungtikan. Dina ieu obsérvasi aya dua hal anu ditalungtik nya éta padoman obsérvasi aktivitas guru jeung siswa.

3.5.1.1 Padoman Obsérvasi Aktivitas Guru

Obsérver niténan jeung ngaévaluasi panalungtik nalika keur ngajar salila lumangsungna kagiatan diajar dijero kelas. Format ngajén aktivitas guru nu digunakeun dina ieu panalungtikan bisa ditén dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.2
Lembar Obsérvasi Aktivitas Guru

Wasta Obsérver :
Waktu Pelaksanaan :
Kompetensi Dasar : Mengekspresikan teks warta dengan memperhatikan irama/tempo, artikulasi, dan *lentong* kalimat.

No	Aktivitas	Aya	Henteu	Catetan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1	Kegiatan Bubuka			
	a) Ngondisikeun kelas			
	b) Ngabsén kehadiran siswa			
	c) Apersepsi			
	d) Ngamotivasi siswa sangkan sumanget diajar			
	e) Ngajelaskeun tujuan jeung léngkah-léngkah pangajaran anu kudu dihontal dina pangajaran maca warta			
2	Kegiatan Inti			
	a) Medar matéri warta			
	b) Medar aspék-aspék nu dititénan dina maca warta			
	c) Méré instruksi sangkan siswa merhatikeun cara maca warta anu dipidangkeun dina video			
	d) Ngaping siswa latihan maca warta sacara individu - Nyontoan cara maca warta - Méré koméntar - Merenahkeun nu can merenah			
	e) Ngecék pamahaman siswa kana materi maca warta jeung méré réson balik ka siswa			
	f) Méré kasempetan latihan sacara tuluy-tumuluy			
3	Kegiatan Panutup			
	a) Ngondisikeun siswa - Museurkeun deui perhatian siswa			
	b) Nyindekkeun materi pangajaran			
	c) Ngaévaluasi hasil pangajaran			
	d) Guru méré pancén (PR)			

Keterangan: Béré tanda céntang (√) dina kolom aya lamun katitén dilaksanakeun, atawa dina kolom henteu lamun teu katitén dilaksanakeun.

3.5.1.2 Padoman Obsérvasi Aktivitas Siswa

Obsérver niténan aktivitas siswa salila lumangsungna kagaitan diajar, formatngajénaktivitas siswa nu digunakeun dina ieu panalungtikan bisa dititén dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.3
Lembar Obsérvasi Aktivitas Siswa

Wasta Obsérver :
Waktu Pelaksanaan :
Kompetensi Dasar : Mengekspresikan teks warta dengan memperhatikan irama/tempo, artikulasi, dan lentong kalimat.

No	Aktivitas	Aya	Henteu	Catetan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1	Kegiatan Bubuka			
	a) Nurut nalika dikondisikeun			
	b) Ngaréspon data kahadiran			
	c) Ngarti kana apersépsi anu dijelaskeun			
	d) Kamotivasi sangkan sumanget diajar			
	e) Ngarti kana tujuan jeung léngkah-léngkah pangajaran anu kudu dihontal dina pangajaran maca warta			
2	Kegiatan Inti			
	a) Ngaregepkeun matéri warta			
	b) Ngajawab pananya nalika ditanya ku guru			
	c) Merhatikeun tayangan video warta			
	d) Latihan maca warta sacara individu			
	e) Merhatikeun kana matéri pangajaran anu geus ditepikeun			
	f) Nanya nalika dibéré kasempetan pikeun nanya			
3	Kegiatan Panutup			
	a) Nurut nalika dikondisikeun - Siswa fokus niténan guru			
	b) Mikanyaho kana kasalahan-kasalahan dina maca warta			
	c) Ngaréspon nalika guru méré pancén			

Keterangan: Béré tanda céntang (√) dina kolom aya lamun katitén dilaksanakeun, atawa dina kolom henteu lamun teu katitén dilaksanakeun.

3.5.1.3 Lembar Penilaian Tés Prakték

Lembar penilaian tés prakték dina ieu panalungtikan dipaké ku guru jeung obsérver pikeun nitéan hasil diajar siswa. Lembar penilaian tés prakték ieu mangrupa paréntah anu kudu dipigawé ku siswa salila lumangsungna kagiatan diajar maca warta.

Soal Aspek Keterampilan

Bacakeun eusi warta kalayan irama/témpo, artikulasi jeung lentong anu bener!

Tabél 3.4
Instrumén Penilaian Tés Praktik

No.	Indikator	Hasil Penilaian				
		5	4	3	2	1
1	Membaca isi <i>warta</i> dengan irama/tempo yang benar					
2	Membaca isi <i>warta</i> dengan artikulasi yang benar					
3	Membaca isi <i>warta</i> dengan <i>lentong</i> yang benar					
Jumlah Skor yang Diperoleh						

Pikeun ngukur hasil tés maca warta siswa, anapon padoman ngajén pikeun nangtukeun tuntas henteuna peunteun kamampuh nu dipiboga ku siswa.

Tabél 3.5
Rubrik Penilaian

Aspek nu Dipeunteun	Indikator	Skor	Kriteria	Skor Maksimal
Irama/témpo	Membaca isi <i>warta</i> dengan irama/témpo yang benar	5	Hadé pisan, maca warta kalayan irama/témpo nu bener tur merenah	5
		4	Hadé, maca warta kalayan irama/témpo nu bener	
		3	Sedeng, maca warta kalayan irama/témpo nu bener, aya kénéh nu salah	
		2	Kurang, maca warta kalayan irama/témpo nu salah	
		1	Kurang pisan, maca warta kalayan irama/témpo nu réa kasalahan	
Artikulasi	Membaca isi <i>warta</i> dengan	5	Hadé pisan, maca warta kalayan artikulasi nu bener tur merenah	5
		4	Hadé, maca warta kalayan artikulasi nu	

	artikulasi yang benar		bener	
		3	Sedeng, maca warta kalayan artikulasi nu bener, aya kénéh nu salah	
		2	Kurang, maca warta kalayan artikulasi nu salah	
		1	Kurang pisan, maca warta kalayan artikulasi nu réa kasalahan	
Lentong	Membaca isi warta dengan <i>lentong</i> yang benar	5	Hadé pisan, maca warta kalayan lentong nu bener tur merenah	5
		4	Hadé, maca warta kalayan lentong nu bener	
		3	Sedeng, maca warta kalayan lentong nu bener, aya kénéh nu salah	
		2	Kurang, maca warta kalayan lentong nu salah	
		1	Kurang pisan, maca warta kalayan lentong nu réa kasalahan	

Perhitungan skor akhir:

$$\text{Nilai Akhir} = \frac{\text{Jumlah Skor yang Diperoleh}}{\text{Skor Maksimum}} \times 100$$

Keterangan:

Skor maksimum : 15

Indikator keberhasilan penelitian tindakan kelas (PTK) nyaéta hasil diajar siswa kelas VIII C SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung salila prosés pangajaran unggal siklus ngaronjat ti siklus I ka siklus II. Ieu hal ditandaan ku kamampuh individu siswa nu saluyu jeung kritéria ketuntasan minimal (KKM) nu lumaku di SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung. Kategori nilai dumasar KKM, bisa katitén dina tabél di handap.

Tabél 3.6
Kategori Nilai Dumasar KKM

Nilai	Keterangan
≤ 68	Can tuntas
≥ 68	Tuntas

Data hasil tindakan guru jeung siswa nu dimeunangkeun ngaliwatan observasi dianalisis tur ditangtukeun dina wangun présentase nu diétang kalayan rumus kritéria taraf keberhasilan, nyaéta.

$$\text{Présentase rata-rata (\%)} = \frac{\text{jumlah skor}}{\text{skor maksimal}} \times 100\%$$

Nurutkeun Harahap (dina Megawati, kc. 132) préstasi diajar minangka hasil siswa sabada ngaréngsékeun hiji pangajaran bisa dipasing-pasing kritéria dumasar tingkat ngawasa matéri pangajaran, nya éta.

- a. Dina prosés pangajaran ngawasa matéri 80%-100% kagolong préstasi siswa nu hadé pisan
- b. Dina prosés pangajaran ngawasa matéri 75%-80% kagolong préstasi siswa nu hadé
- c. Dina prosés pangajaran ngawasa matéri 55%-75% kagolong préstasi siswa nu cukup
- d. Dina prosés pangajaran ngawasa matéri 31%-54% kagolong préstasi siswa nu kurang

3.6 Analisis Data

Analisis data diayakeun dina unggal siklus pikeun ningali tarékah guru dina prosés ngaronjatkeun kualitas hasil diajar. Nurutkeun tim peneliti proyek PGSM (dina Muslich, 2009) téhnik analisis data dilakukeun ngaliwatan 3 (tilu) tahap, nyaéta réduksi data, paparan data jeung kacindekan.

Réduksi data mangrupa prosés nyederhanakeun data nu dimeunangkeun ngaliwatan panalungtikan ku cara milih data nu saluyu jeung pangabutuh panalungtik. Sabada diréduksi, tuluy data dipaparkeun jadi leuwih basajan nu ngaruntuy nepi ka bisa dicindekkeun dina wangun pernyataan kalimah nu singget tur padet, tapi ngandung ma'na nu jembar.

Data dina ieu panalungtikan mangrupa data hasil tés kamampuh maca warta siswa. Salian ti éta, data dimeunangkeun tina hasil observasi aktivitas guru jeung siswa. Dina ieu panalungtikan analisis data dilakukeun ngaliwatan tahap-tahap ieu di handap.

- a. Kegiatan ngawilah-wilah data luyu jeung fokus kana pasualan

- b. Napsirkeun data anu geus diwilah-wilah dina wangun pernyataan
- c. Ngalalisis data nu mangrupa hasil tés maca warta siswa dina unggal siklus pikeun mikanyaho hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun
- d. Ngalalisis hasil obsérvasi aktivitas guru jeung siswa, sangkan dina siklus satuluyna bisa ngaronjat sacara hadé luyu jeung udagan nu rek dihontal
- e. Ngalakukeun analisis kualitatif, nyaéta nyindekkeun ngaronjat henteuna hasil pangajaran anu geus dilaksanakeun salila panalungtikan tina hasil obsérvasi kalayan babarengan jeung obsérver
- f. Nyindekkeun hasil panalungtikan dumasar kana analisis hasil obsérvasi anu disaluyukeun jeung tujuan panalungtikan sarta dijéntrékeun dina wangun kalimah pernyataan